

water cycle	sik dlo	Mouvman kontini dlo ant sifas tè a ak atmosfè a nan evaporasyon, kondansasyon ak presipitasyon.
water table	nivo idwostatik	Limit siperyè zòn satirasyon ki ogamnte nan sezon imid yo epi ki diminye nan sezon sèch yo.
watershed	liy separasyon dlo	Espas tè yon sistèm ekoulman dlo drene.
watt	wat	Inite puisans, W; 1 Joul enèji ki transfere an yon segonn.
wave	onn	Mouvman ritmik ki mennen enèji atravè matyè oswa lespas, nan oseyan yo; anjeneral, se van k ap deplase sou sifas dlo ki jenere li.
wavelength	longèdonn	Distans ki pi kout ant pwen ekivalan sou yon onn kontini; anjeneral li eksprime an mètr, santimèt oswa nanomèt.
weather	tan	Eta kouran atmosfè a, avèk tou varyasyon akoutèm takou tanperati ak presipitasyon.
weathering	degradasyon	Pwosesis chimik oswa mekanik ki dekonpoze epi chanje wòch sou oswa toupre sifas tè a epi faktè tankou presipitasyon ak tanperati enfliyanse vitès degradasyon an.
weight	pwa	Yon mezi yon kantite matyè ak yon mezi efè gravitasyon tè a sou matyè a..
weightlessness	apezantè	Pwa zewo aparant yon objè akòz lè pa gen fòs kontak ki pouse sou objè a.
well	pui	twou fon ki fore oswa fouye nan tè a pou jwenn yon rezèvwa nap freyatik.
wetland	tè makay	Zòn tè ki gen altitud ba, tankou yon marè oswa yon makay, ki kouvri ak dlo pandan yon bon pati nan ane a epi ki sipòte espès plant espesifik.
wind-chill factor	faktè refwadisman tanperati akòz van	Se fenomèn endis frechè van mezire; li estime chalè ki pèdi nan po imen akòz yon konbinezon van ak lèt frèt.
winter solstice	sòlstis ivè	Rive lè solèy la chofe dirèkteman nan latitud 23.5° sid, apeprè nan dat 21 desanm, epi sa lakòz gen minimòm kantite èdtan lajounen pou emisfè nò ak maksimòm kantite èdtan lajounen pou emisfè sid.
work	travay	Se transfè enèji avèk mwayen mekanik; transfè a fèt lè yon fòs konstan egzèse nan direksyon mouvman an, ak lè fòs la kwonometre deplasman objè a.